

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung pedaran tina bab IV ngeunaan analisis sosiologi sastra anu ngawengku (1) *Analisis sosiologi pangarang*; (2) *Analisis sosiologi karya sastra*; jeung (3) *Analisis sosiologi pamaca karya* bisa kaguar sakabéhna.

Budi Rahayu Tamsyah nu dibabarkeun di Garut 16 Maret 1962 mimiti nulis nalika nyuprih élmu di SMEA, karep jeung motivasi nulisna dimimitian tina kabiasaan bapana anu sok mawa rupa-rupa kalawarta ka imahna jeung sok macaan komik. Carpon nu munggaran lain ditulis dina basa Sunda tapi dina basa Indonesia, anu tuluy karya-karyana dimuat di majalah pikeun wanoja. Mimiti nulis dina basa Sunda gé nalika di SMEA kénéh, harita carpon anu judulna *Ngawang-ngawang* dimuat di mangle. Ti mimiti SD nepi ka kuliah di IKIP Budi Rahayu Tamsyah geus milu rupa-rupa organisasi, malah nalika nyuprih élmu di paguron luhur milu ngadegkeun Unit Pers Mahasiswa (UPM) UPI. Salian tina riwayat organisasina anu rupa-rupa Budi Rahayu Tamsyah geus ngasaan gawé di sababaraha tempat, ti mimiti milu jadi staf peneliti, editor penerbit, wartawan, pamingpin rédaksi, jeung guru. Tétéla pangalaman organisasi jeung pakasabanna mawa pangaruh kana karya-karyana, utamana dina hal jejer carita anu deukeut pisan jeung kahirupan masarakat. Salian éta karesepna kana ngawangkong jeung nangkring di rupa-rupa tempat samodél pasar, terminal, jeung situ ogé pangalamanna nu sok ngobrol jeung jalma-jalma anu béda kasang tukang sosial jeung psikologisna méré inspirasi pikeun karya-karyana. Salasahiji karyana, *Uing Mah Neunggeul Si jago* medal tina pangalamanna ngobrol jeung nu gélo. Lantaran anu dicaritakeunna jalma anu teu ilahar jeung gaya basa nu dipakéna basajan tapi nimbulkeun rasa ka nu maca ieu carpon jadi pinunjul hadiah sastra LBSS taun 1991.

Karya-karya Budi Rahayu Tamsyah anu aya dina kumpulan carpon *Katalimbeng Angen-Angen* dicokot tujuh pikeun dianalisis, anapon carpon-carponna nya éta (1) *Televisi*; (2) *Ma Enah*; (3) *Jas Almamater*; (4) *Bengkung*; (5) *Tim Pamariksa*; (6) *Uing mah Neunggeul Si Jago*; (7) *Si Ujang Hayang ka Kebon*

Risky Ashary, 2015

SOSIOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON KATALIMBENG ANGEN-ANGEN

KARYA BUDI RAHAYU TAMSYAH

Universitas Pendidikan Indonesia | \.upi.edu perpustakaan.upi.edu

Binatang; (8) Mamah Ngimpi Mékprék Beurit; jeung (9) Apan Abdi Mah Lou Han. Kabéh karya anu ditalungtik boga jejer carita sosial kamasarakatan. Pangarang kalayan gemet niténan kahirupan masarakat tuluy dijadikeun carita. Teu sakabéh karya ditulis tina kajadian anu kaalaman ku pangarang, sababaraha mah aya nu ngan ngabandungan ti carita batur atawa tina niténan fénoména sosial di masarakat anu tuluy diolah sacara kréatif nepi ka jadi hiji karya anu punjul. Karya-karyana boga kaunggulan dina hal ngaguar kahirupan masarakat, carita dina unggal carponna teu jauh jeung kahirupan sapopoé masarakat. Pangarang hayang némbongkeun kaayaan masarakat Sunda anu saenyana, anu lain digambarkeun ku stereotip karya-karya séjén. Salian éta sakapeung pangarang *nyentil* hiji kaayaan atawa fénoména sosial ngaliwatan karya-karyana.

Abdullah Mustappa jeung Agus Suherman méré sawangan yén karya-karya Budi Rahayu Tamsyah pamianganna tina kajadian anu aya di masarakat jeung ngarekam kondisi kahirupan dina jaman harita. Budi Rahayu Tamsyah kaasup pangarang anu bisa mawa warna lokalitas daérah dina karya-karyana. Ku kituna teu anéh saupama carpon-carponna bisa dijadikeun dokumén sajarah anu hiji poé bisa dipaké ngaguar kaayaan alam harita. Kapunjulan Budi Rahayu Tamsyah aya dina ngolah kekecapan, milih jejer anu luyu jeung kaayaan jaman harita, jeung dina ngolah konflik. Unsur didaktis dina unggal carponna teu karasa mapatahan, lain saujratna nuduhkeun hiji bebeneran tapi ngaliwatan carita anu boga pesan moral nu *tersirat*.

Guru, Mahasiswa, jeung Masarakat awam boga kacindekan yén karya-karya Budi Rahayu Tamsyah lolobana ngeunaan kahirupan masarakat. Caritana deukeut jeung kahirupan unggal jalma. Sok sanajan dumasar sawangan ti guru mah ieu mangrupa kahéngkérana dina karyana. Sedengkeun nurutkeun pamadegan masarakat umum mah justru ieu onjoyna karya-karya Budi Rahayu Tamsyah, lantaran loba amanat anu bisa dibeunangkeun tina carpon-carponna.

Amanat anu dirasakeun unggal narasumber gé béda, cék Guru, urang kudu bisa maca pasipatan batur, nu bageur gé can tangtu hadé paripolahna di tukangeun urang mah. Mahasiswa meunang amanat, yén jadi jalma ulah asa pang benerna sorangan. Nu pamungkas, Masarakat Umum boga kacindekan urang kudu pinter dina *bersosialisasi* lantaran urang urang kudu bisa wanoh kana pasipatan jalma

anu béda-béda ogé urang kudu usaha dina nyuponan kahayang urang, tapi tagtuna ku jalan anu bener tur halal.

5.2 Rékomendasi

Sabada ngayakeun panalungtikan sosiologi sastra aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun, nya eta :

1. Panalungtikan kudu leuwih museur kana salah sahiji aspék sosiologi sastra. Sangkan teu lega teuing jeung hasil tina salah sahiji aspék bisa optimal;
2. Euyeuban deui ulikan tiori ngeunaan sosiologi sastra ti sababaraha ahli;
3. Patalikeun panalungtikan kana pangajaran sastra di sakola.